



THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

2855 COLONIAL BLVD. ♦ FORT MYERS, FLORIDA 33966 ♦ WWW.LEESCHOOLS.NET

STEVEN K. TEUBER
CHAIRMAN, DISTRICT 4
MARY FISCHER
VICE CHAIRMAN, DISTRICT 1
JEANNE S. DOZIER
DISTRICT 2
CATHLEEN O'DANIEL MORGAN
DISTRICT 3
PAMELA H. LARIVIERE
DISTRICT 5
GREGORY K. ADKINS, ED. D.
SUPERINTENDENT
KEITH B. MARTIN, ESQ.
BOARD ATTORNEY

Chè Paran,

Sa fè plis pase dizan ke Depatman Edikasyon an bay chak lekòl yon nòt sepandan sityasyon sa resevwa plis dyalòg piblik ke nesèsè. Depi yo te kòmanse bay lekòl yo nòt, fòmil sa echwe paske li pa reprezante yon foto ki ekzak oswa konplè sou sa kap pase nan lekòl yo chak jou, sepandan sa domine konvèsasyon siksè oswa echèk yon lekòl. Kòm nou antisipe ke nòt yo ap disponib semèn sa a, mwen ankouraje pou ou gade pi lwen nòt ke yap bay lekòl pitit ou a epi konsantre sou jan pitit ou ap aprann.

Konvèsasyon ki pi enpòtan pou gen ak pwofesè klas ou se sou pwogrè pitit ou nan lekti ak matematik. Pitit ou ta dwe demontre pwogrè fiks pandan tout ane a. Se pa tout elèv kap fè pwogrè nan menm ritm ke lòt timoun parèy li, tanpri eseye evite konpare pitit ou ak lòt elèv. Gade jan pitit ou te kòmanse ane a epi gade nan ki nivo li ye nan moman sa – se meyè fason pou mezire pwogrè li.

Nòt yo vin tounen yon pati enpòtan nan sistèm akademik nou an, men nou ta dwe rekonèt ke elèv yo plis ke yon nòt. Nòt yo pa toujou kaptire efò pèsònèl, pwoblèm pèsònèl, evènman nan lavi, oswa karaktè yon timoun, epi yo pa ka kaptire espwa, rèv ak aspirasyon yon elèv. Pitit ou plis ke yon nòt. Tanpri, ankouraje yo nan tout sa yap fè epi ankouraje yo fè tout sa ki byen pou yo ka gen siksè. Menm jan tou, lekòl pitit ou plis pase yon nòt. Ankouraje pwofesè yo nan tout sa yo fè api travay ansanm ak yo pou ka wè benefis nan pitit ou.

Kòm toujou, se yon plezi ak privilèj pou mwen jere distri lekòl ou a.

Sensèman

Gregory K. Adkins, Ed.D.
Superintendent